## II ТЕМА

# Референдумда даўыс бериўши пуқаралардың дизими менен ислеў

1. Референдумда даўыс бериўши пуқаралардың дизимин қәлиплестириў тәртиби

2. Даўыс бериўши пуқаралардың дизимин СПБМСдан жүклеп алыў ҳәм оған анықлық киритиў

3. Даўыс бериўши пуқаралардың дизими менен пуқараларды таныстырыў

4. СПБМСда белгиленген формадағы электрон сораўнаманы толтырыў ҳәм даўыс бериўши пуқаралар дизимине киритилип атырған өзгерислерди гүзетип барыў

5. Даўыс бериўши пуқаралардың дизими қосымшасына даўыс бериўши пуқараларды киритиў тәртиби

## 1. Референдумда даўыс бериўши пуқаралардың дизимин қәлиплестириў тәртиби

Министрлер Кабинетиниң 2017 жыл 15 августтеги 630-сан қарары менен тастыйықланған Өзбекстан Республикасы сайлаўшыларының бирден бир электрон дизимин қәлиплестириў ҳәм жүритиў тәртиби ҳаққында режениң 2-пүнктине муўапық, Өзбекстан Республикасы сайлаўшыларының бирден бир электрон дизими (СБЭД) Өзбекстан Республикасының 18 жасқа толған (сондай-ақ сайлаў күни), турақлы яки ўақтынша жасаў орны мәнзилине ийе болған, ҳәрекетке уқыплы, аўыр ҳәм өте аўыр жынаятлары ушын суд ҳүкми менен еркинен айырыў орынларында сақланбай атырған пуқаралары киритилетуғын мәмлекет хабар ресурсы есапланады.




Сайлаўшылардың бирден бир электрон дизими (СБЭД) – Сайлаў процессин басқарыў бойынша мәлимлеме системасы (СПБМС) қуралында қәлиплестириледи ҳәм оның қурамына киреди.




*ЯДТА ТУТЫҢ!*

***Хәр бир пуқара даўыс бериўши пуқаралардың тек бир дизимине киритилиўи мүмкин.***

**Референдум күнине дейин яки референдум күни 18 жасқа толған, дизим дүзилип атырған ўақытта усы референдум участкасы аймағында турақлы яки ўақтынша жасап атырған Өзбекстан Республикасының барлық пуқаралары даўыс бериўши пуқаралар дизимине киритиледи.**

Дизимге даўыс бериўши хәр бир пуқараның фамилиясы, аты, әкесиниң аты, туўылған сәнеси хәм турар жер мәнзили киритиледи.

Суд тәрепинен хәрекетке уқыпсыз деп табылған пуқаралар, сондай-ақ, аўыр хәм өте аўыр жынаятлар ислегенлиги ушын судтың хүкми менен еркинен айырыў орынларында сақланып атырған шахслар даўыс бериўши пуқаралар дизимине киритилмейди.

## 2. Даўыс бериўши пуқаралардың дизимин СПБМС дан жүклеп алыў ҳәм оған анықлық киритиў

Референдум өткериўши участка комиссиялары жумыс баслағанға шекем даўыс бериўши пуқаралардың дизимлери тийисли мәмлекет органларының усынған мағлыўматлары тийкарында Әдиллик министрлиги жанындағы Персоналластырыў агентлиги тәрепинен СПБМСда электрон түризде қәлиплестирилген.

Участка комиссиясы хаткери **СПБМСне кириў ҳуқықын алыў ушын** округ комиссиясына мүрәжат қылады. Округ комиссиясы хаткери СПБМСна кириў ҳуқықын участка комиссиясы хаткерине усынады.

Участка комиссиясы дүзилгенинен соң **3 күн ишинде** комиссияның хаткери СПБМСна кирип бөлистирилген усы участкада **даўыс бериўши пуқаралардың дәслепки дизимин жүклеп алады.**

Комиссия хаткери даўыс бериўши пуқаралардың дизимин тексерип шығады, басып шығарады ҳәм участка комиссиясы баслығына усынады.

Участка комиссиясы даўыс бериўши пуқаралардың дәслепки дизимин алғанынан кейин усы **референдум участкасы аймағында жасаўшы даўыс бериўши пуқараларды анықластырыў иләжларын көреди.**

Ҳәкимликлер, тийисли мекемелер, сондай-ақ аўыл пуқаралар жыйынлары, участка инспекторлары участка комиссиясы сораўына тийкар усы референдум участкасы аймағында жасап атырған пуқаралар ҳаққында мағлыўматларды 24 саат ишинде усыныўы шәрт.

Участка комиссиясы ағзалары референдум участкасы аймағында жасаўшы даўыс бериўши пуқаралар ҳаққында мағлыўматларға **зәрүрлик болғанда, үйме-үй айланып шығыў арқалы анықлық киритеди.**

Участка комиссиясы даўыс бериўши пуқаралар дизимин дүзиў жумысларына **жәмәәтшилик ўәкиллери ҳәм волонтёрларды**

**тартыўы мүмкин.** Район ҳәм қала ҳәкимликлери даўыс бериўши пуқаралардың дизимлерин анықластырыў жумысларына жәрдемлеседи.




**Әскерий бөлимлердеги** әскерий хызметкер-даўыс бериўши пуқаралардың, сондай-ақ әскерий хызметкерлердиң әскерий бөлимлер жайласқан аймақларда жасаўшы шаңарақ ағзалары ҳәм басқа **даўыс бериўши пуқаралардың дизими әскерий бөлимлердиң командирлери усынатуғын мағлыўматлар тийкарында дүзиледи.**

**Әскерий бөлимлерден тысқарыда** жасаўшы әскерий хызметкерлер жасаў орынлары бойынша улыўма тийкарларда даўыс бериўши пуқаралар дизимине киритиледи.





**Санаторияларда ҳәм дем алыс үйлеринде,** емлеўханаларда ҳәм басқа стационар емлеў мекемелеринде, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында дүзилген референдум участкалары бойынша даўыс бериўши пуқаралар дизимлери усы мекемелер басшылары тәрепинен усынылған мағлыўматлар тийкарында участка комиссиясы тәрепинен дүзиледи.

Санаторияларда ҳәм дем алыс үйлеринде, емлеўханаларда ҳәм басқа стационар емлеў мекемелеринде, сондай-ақ қамақта сақлаў орынларында шөлкемлестирилген референдум участкаларындағы даўыс бериўши пуқаралар дизимине **киритилген пуқаралар ҳаққында усы участка комиссиясы бундай пуқараларды турақлы яки ўақтынша жасаў орындағы участка комиссиясына хабар жеткериў шараларын көриўи лазым.**



Хабардар қылынған участка комиссиясы өз референдум участкасындағы даўыс бериўши пуқаралар дизимине усы **даўыс бериўши пуқара басқа референдум участкасында даўыс бериўши пуқаралар дизимине киритилгенлиги ҳаққында жазыў киритеди** ҳәмде оны жуўмақлаўшы баяннамада референдум участкасындағы даўыс бериўши пуқаралардың **улыўма санына киритпейди.**

***ЯДТА ТУТЫҢ!***

***Даўыс бериўши пуқаралардың дизимлерине өзгерислер киритиў референдумға 5 күн қалғанында тоқтатылады.***

Участка комиссиясы хаткери референдумға **3 күн қалғанында өз аймағындағы даўыс бериўши пуқаралардың акырғы дизимлерин СПБМСдан жүклеп алады, басып шығарады ҳәм участка комиссиясы баслығына усынады.**

Усы дизим участка комиссиясы **баслығы ҳәм хаткери тәрепинен имзаланады,** участка комиссиясы **мөриси менен тастыйықланады,** соннан кейин комиссия баслығы тәрепинен комиссия ағзаларына даўыс бериўши пуқаралардың фамилиялары **әлипбе тәртибинде бөлистирип бериледи.**

***ЯДТА ТУТЫҢ!***

***Комиссия ағзалары даўыс бериў күни даўыс бериўши пуқараларға бюллетенлерди бергенинде усы дизимге имза қойдырады.***

## 3. Даўыс бериўши пуқаралардың дизими менен пуқараларды таныстырыў

Даўыс бериўши пуқаралардың дизимлери референдумға **кеминде 10 күн қалғанында** участка комиссиясы хаткери тәрепинен СПБМСдан жүклеп алынады, басып шығарылады, участка комиссиясы **баслығы ҳәм хаткери тәрепинен имзаланады,** участка комиссиясы **мөриси менен тастыйықланады** ҳәм ҳәмме **танысып шығыўы ушын усынылады.**

***ЯДТА ТУТЫҢ!***

***Усы дизимде даўыс бериўши пуқаралардың жасаў мәнзиллери көрсетилмейди.***



**Санаторияларда ҳәм дем алыс үйлеринде,** емлеўханаларда ҳәм басқа стационар емлеў мекемелеринде, алыс ҳәм барыў қыйын болған аймақлардағы пуқаралар турар жерлеринде, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында дүзилген участкаларда даўыс бериўши пуқаралардың жуўмақлаўшы **дизими референдумға үш күн қалғанында ҳәмме танысып шығыўы ушын усынылады.** Усы дизимде даўыс бериўши пуқаралардың жасаў мәнзиллери көрсетилмейди**.**

## 4. СПБМСда белгиленген формадағы электрон сораўнаманы толтырыў ҳәм даўыс бериўши пуқаралар дизимине киритилип атырған өзгерислерди гүзетип барыў

Референдум участкасы аймағында ўақтынша жасап атырған пуқаралар бар екенлиги анықланса, бирақ олар усы референдум участкасында даўыс бериўши пуқаралар дизимине киритилмеген болса ҳәмде өз-ара сәўбет ўақтында олардың даўыс бериў күни усы референдум участкасы аймағында болыўы анықланса, олардан қәлеўине көре 1-қосымшаға муўапық формадағы арза алынады.

1-қосымша

## Арза

Референдумда даўыс бериў ҳуқықымды тәмийинлеў мақсетинде мени жасаў мәнзилиме тийисли болған ______-санлы референдум участкасының даўыс бериўши пуқаралар дизимине киритиўиңизди сорайман.

**Мениң жеке мағлыўматларым:**

| Фамилиясы, аты, әкесиниң аты | Туўылған жыли, айы ҳәм күни | Паспорт (яки ID картасы) серијасы ҳәм номери | Жасаў мәнзили | Телефон номери |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

**Пуқара** ________________ ________________

*Имза* *Ф.И.О.*

**Участка комиссиясы ағзасы** ________________ ________________

*Имза* *Ф.И.О.*

Егерде пуқара даўыс бериўши пуқаралар дизими менен (қыстырылып қойылған яки электрон усынылған дизимлер) танысыў процессинде **өзи ҳаққындағы мағлыўматлар қәте киритилген** яки өзи жасап атырған аймақтан **басқа аймақта жайласқан референдум участкасындағы даўыс бериўши пуқаралар дизимине киритилгенлигин** анықлаған жағдайда, тиккелей өзи жасап атырган аймақтағы референдум **участкасына барып, жоқарыда белгиленген көринистеги арза менен мүрәжат қылыўы мүмкин.**

Даўыс бериўши пуқараның өз қәлеўине көре берген арзасына муўапық төмендегилер **даўыс бериўши пуқаралар дизимине өзгертириў ҳәм дүзетиўлер киритиў ушын тийкар болыўы мүмкин:**

– дaўыс бериўши пуқараның тийисли референдум участкасы аймағында **турақлы яки ўақтынша жасаўы;**

– **жасы 18ге толғанлығы;**

– **судтың пуқараны хәрекетке уқыпсыз** деп табыў хақ-қындағы шешиўши қарары **бийкар қылынғанлығы яки пуқараның еркинен айы-рыў орынларыннан босатыл-ғанлығы.**



Арза комиссия баслығы яки хаткери тәрепинен дизимге алыў дәптеринде дизимге алынады. Сонан кейин СПБМСда белгиленген формадағы электрон сораўнама толтырылады хәм даўыс бериўши пуқаралар дизимине өзгерис киритиў ушын тийисли республика, ўәлаят яки район исши топарына (буннан былай текстте исши топары деп жүритиледи) автоматик тәризде жибериледи.

Исши топары электрон сораўнаманы көрип шығады хәм СПБМСдағы даўыс бериўши пуқаралар дизимине орнатылған тәртипте тийисли өзгертириў киритеди.

***ЯДТА ТУТЫҢ!***

***Арзасына муўапық референдум участкасы өзгер-тирилген яки арза менен мүрәжат қылмаған пуқараны басқа референдум участкасына өтке-рилиўине яки тартып алыныўына жол қойылмайды. Сондай-ақ судтың қарарына муўапық хәрекетке уқыпсыз деп табылған пуқараны даўыс бериўши пуқаралар дизимине киритилиўине жол қойылмайды.***

Участка комиссиясы даўыс бериўши пуқаралардың дизимлери ҳәмме танысып шығыўы ушын усынылғанынан кейин де анықланған қәте-кемшиликлерди сапластырыў мақсетинде референдумға 5 күн қалғанға дейин даўыс бериўши пуқаралардың дизимлерине өзгерис киритиў ушын исши топарларына электрон сораўнама жибериўи мүмкин.

Исши топарлары бул электрон сораўнаманы усы күнниң өзинде көрип шығып, белгиленген тәртипте шешеди.

## 5. Даўыс бериўши пуқаралардың дизими қосымшасына даўыс бериўши пуқараларды киритиў тәртиби

Даўыс бериў күни қандайда бир себеп пенен даўыс бериўши пуқаралар **дизимине кирмей қалған даўыс бериўши пуқаралар** шахсын, пуқаралығы ҳәм жасаў орнын (усы референдум участкасы аймағында турақлы жасаў орны яки ўақтынша турған орны бойынша дизимге алынғанлығын) тастыйықлаўшы ҳүжжет тийкарында участка комиссиясы баслығына жазба арза менен мүрәжат қылады.

Участка комиссиясы баслығы пуқараның **мүрәжатин дизимге алыў дәптерине дизимге алады** ҳәм оны көрип шығады. Не себептен мүрәжатшының даўыс бериўши пуқаралар дизимине кирмей қалғанлығын тексереди.

Атап айтқанда, пуқара **қайсы референдум участкасындағы дизимге киритилгенлигин СПБМСдан излеп табады.** Тийисли участка комиссиясы менен байланыс қураллары арқалы байланысады. Сәўбет ўақтында даўыс бериўши пуқараның усы референдум участкасында даўыс берген-бермегенлигин анықлайды. Егер даўыс бермеген болса, тийисли участка комиссиясын даўыс бериўши пуқараның мүрәжат еткен референдум участкасында даўыс бериўши пуқаралар **дизиминиң қосымшасына киритилиўи ҳаққында хабардар қылады.** Усыдан кейин мүрәжат қылған пуқара белгиленген формадағы даўыс бериўши пуқаралар дизиминиң қосымшасына киритиледи ҳәм оның белгиленген тәртипте даўыс бериў ҳуқықы тәмийинленеди.

2-қосымша

# ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ РЕФЕРЕНДУМИ

# ДАЎЫС БЕРИЎШИ ПУҚАРАЛАРДЫҢ ДИЗИМИНЕ ҚОСЫМША

__________________ - референдум округи

20__ ж. «____» __________________
(референдум сәнеси)

__________________РЕФЕРЕНДУМ УЧАСТКАСЫ

| **Т/р** | **Фамилиясы, аты, әкесиниң аты** | **Турар жери** *(турар жерин тастыйықлаўшы ҳүжжетке тийкар)* | **СБЭДда даўыс бериўши пуқаралар дизимине киритилген референдум участкасының номери, район яки қала, ўәлаят** *(референдум участкасы телефон номери)* | **Турар жерин тастыйықлаўшы ҳүжжет тийкарында даўыс бериўши пуқаралар дизиминиң қосымшасына киритken референдум өткериўши участка комиссиясы баслығы** | **Пуқараның даўыс бериў бюллетенин алғанлығы ҳаққындағы имзасы** | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | **Фамилиясы, аты, әкесиниң аты** | **имзасы** | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |

***ЯДТА ТУТЫҢ!***

***Усы қосымша референдум участкалары ҳәмде референдум өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы қағыйда талапларына қатаң әмел қылған халда толық толтырылыўы шәрт!***

***Усы талапқа әмел қылмаслық, референдум ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерин бузғанлық ушын жуўапкершиликке себеп болады.***

Хабардар қылынған участка комиссиясы өз референдум участкасындағы даўыс бериўши пуқаралар дизимине усы пуқара басқа референдум участкасында даўыс бергенлиги ҳаққында мағлыўмат киритеди ҳәмде усы даўыс бериўши пуқараны жуўмақлаўшы баяннамада участкадағы даўыс бериўши пуқаралардың улыўма санына киритпейди.